



Pou Piblikasyon Imedya: 07/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PIFÒ TRAVAY YO FINI NAN PWOJÈ 10 MILYON DOLA POU RANFÒSE SEKIRITE SOU GRAND CENTRAL PARKWAY NAN QUEENS

Ranp soti ak antre ki rekonfigire yo amelyore sikilasyon epi redui blokis sou atè sikilasyon vilta la

Gouvènè Hochul te anonse jodi a pifò konstriksyon an te fini pou pwojè 10 milyon dola ki rekonfigire ranp soti ak antre kle yo sou Grand Central Parkway nan Queens, ranfòse sekirite ak fasilite sikilasyon sou atè ki trè frekante sa a pou vwayajè Vil New York yo.

Pwojè a konekte ranp antre ak soti yo nan seksyon otowout peyizaje a ant Francis Lewis Boulevard ak 188th Street nan direksyon lès, epi ant Otorite Clearview ak 188th Street nan direksyon lwès la, sa ki kreye vwa oksilyè nan chak direksyon ki bay otomobilis yo espas siplemantè pou antre oswa soti nan otowout la. Pwojè a pral bay aksè pi fasil tou pou Inite 3 Patwòl Otowout Depatman Lapolis New York la, ki sitiye toupri.

"N ap kontinye envesti nan enfrastrikti otowout nou an pou redui blokis sou wout la ak satisfè neseste 21yèm syèk la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè sa a pral rann li pi fasil ak sekirite pou otomobilis yo antre ak soti nan otowout ki pi frekante nan Vil New York yo, amelyore vwayaj sou koridò Grand Central Parkway la ki sipòte byennèt ekonomik tout zòn Metwopoliten an".

Pwojè a, ki te kòmanse nan sezon prentan 2020, te kreye yon vwa oksilyè nan direksyon lwès nan konekte ranp antre a nan otowout Clearview nan direksyon sid ak ranp soti (Exit 19) 188th Street la. Otomobilis yo nan Clearview kapab itilize tou vwa oksilyè sa a pou jwenn aksè ak Francis Lewis Boulevard (Exit 20A ak 20B) ak 188th Street san yo pa bezwen rejwenn nan Grand Central Parkway.

Yon vwa oksilyè nan direksyon lès te kreye nan konekte ranp antre 188th Street la avèk ranp soti nan direksyon sid (Exit 20B) Francis Lewis Blvd la. Otomobilis k ap antre nan 188th Street yo kapab itilize tou vwa a pou jwenn aksè ak Francis Lewis Boulevard nan direksyon sid san yo pa bezwen antre nan otowout peyizaje a.

Lòt amelyorasyon yo nan limit pwojè a gen ladan ekleraj ak LED, makaj chose, ray gidaj ak baryè konkrè. Pandan pifò konstriksyon an te fini, travay final yo - sa gen ladan amenajman peyizaj ak netwayaj drenaj - pral fèt nan limit pwojè a pou otòn sa a.

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Yon rezo transpò san danje ak efikas vital pou byennèt kominote nou yo ak kwasans kontinyèl ekonomi nou an. Nouvo ranp ak vwa oksilyè sa yo sou Grand Central Parkway pral ogmante sekirite ak depasman sou yon koridò vital, demontre plis angajman Eta New York pou rekonstwi enfrastrikti nou pou avantaj tout Nouyòkè yo".

Reprezantan Grace Meng te deklare, "Kontinye investi nan wout ak otowout minisipalite nou an esansyèl, espesyalman pandan n ap chèche modènize enfrastrikti nou ak rekonstwi pi byen. Achèvmman pifò konstriksyon pou pwojè enpòtan sa a pral amelyore sekirite, diminye blokis ak ranfòse sikilasyon sou otowout enpòtan sa a. Sa pral rann li pi fasil pou rezidan lokal yo deplase sou Grand Central Parkway epi an retou ap ede kominote nou an ak amelyore kalite lavi nan Queens. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li te byen mennen pwojè sa a epi pèmèt li rive fini toutbon".

Senatè Eta John Liu te deklare, "Se fòmidadab pou n aprann ke Depatman Transpò Eta New York la te fini pwojè ranfòsman sekirite a sou Grand Central Parkway. Pwojè sa a pral mennen nan mobilite ki fasilite ak sekirite ranfòse sou wout enpòtan sa a. Achèvmman pwojè enfrastrikti esansyèl sa a pral amelyore depasman pou rezidan lokal yo ak pou sila yo k ap deplase pou ale ak tounen nan Vil New York".

Manm Asanble David Weprin te deklare, "Konstriksyon ki nesèsè anpil sa a sou Grand Central Parkway amelyore sekirite pou tout otomobilis k ap kondui sou wout la. Pou nouvo ray gidaj ak makaj chose yo pou ekleraj ak LED epi sikilasyon ki amelyore, mwen aplodi Depatman Transpò Eta New York la ak Gouvènè Kathy Hochul dèske yo revitalize enfrastrikti transpò nan Queens".

Prezidan Minisipalite Queens lan, Donovan Richards te deklare, "Achèvmman pwojè sa a se yon gwo viktwa nan efò pou amelyore sekirite ak sikilasyon nan Grand Central Parkway. Grand Central se yon gwo otowout pou otomobilis Queens yo epi mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Komisè Transpò Eta a, Marie Therese Dominguez, dèske yo fè amelyorasyon sa tounen yon priyorite. Se yon lòt gwo mezi pou lari ki pi sekirite nan distri nou an".

Manm Konsèy la, Barry S. Grodenchik, te deklare", "Nan yon moman kote sikilasyon an sanble ap ogmante tout kote, ranp antre ak soti yo ki amelyore sou Grand Central Parkway la ak Otowout Clearview la se bon nouvèl pou rezidan nan lès Queens yo ak pou tout otomobilis yo ki travèse otowout nou yo. Mwen pa ka tann pou wè vwayaj ki pi fasil ak pi sekirite sou wout enpòtan sa yo".

Manm Konsèy, James F. Gennaro, te deklare, "Mwen vle remèsye Eta a dèske yo fè investisman enpòtan sa a nan enfrastrikti Queens la. Amelyorasyon sa yo nan Grand

Central Parkway non sèlman pral amelyore kondisyon sikilasyon -- yo pral ranfòse tou kondisyon sekirite pou vwayajè yo. Achèvmman pwojè sa a se yon viktwa ki byenvini pou rezidan Queens yo".

Swiv DOT Eta New York nan Twitter: @NYSDOT ak NYSDOT New York City (@NYSDOT_NYC) | Twitter. Jwenn NYSDOT sou Facebook nan facebook.com/NYSDOT

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)